

## LIS MWEN AN POU SEKIRITE NAN DLO

Pou ede kenbe timoun ou yo anba plis pwoteksyon, nan dlo, revise kontwòl lis sa. Si ou pa ka jwen yon timoun, gade nan dlo a pou kòmanse. Yon pisin ki gen pwoteksyon se yon pisin kote moun pran plezi yo, donk, voye je wou sou timoun yo. Pase yon bon moman pou pran plezi.



### ÈSKE MWEN PRÈ ?

- Mwen mete filt radyasyon, menm nan jou ki gen nyaj yo (Aplike SPF 15 oswa pi wo chak 2 zèdtan.)
- Mwen mete yon jilè sovtaf Gad Kòt Ameriken apwouve ki mezi mwen lè mwen pre dlo, lè m sou yon bato oswa lè m ap fè espò nan dlo.
- Mwen pa fè flotè yo, jwèt, oswa chanm kawoutyou yo konfyans pou yo kenbe m an sekirite.
- Mwen konn naje.



### ÈSKE SE YON KOTE KI AN SEKIRITE ?

- Nan rivyè yo, lak ak oseyan yo, mwen naje sèlman nan kote ki make moun ka naje.
- Mwen pa naje oswa monte bato lè gen move tan. Mwen tyeke sa anvan m pati.
- Chak fwa anvan mwen al naje, mwen asire pa gan danje tankou mediz, gwo vag, oswa kouran ki fò.
- Si dlo a parèt sal oswa li gen labou, mwen pa rantrè ladan l.
- Mwen naje sèlman lè paran mwen di mwen ka naje.



### KILÈS K AP SIVEYE ?

- Mwen toujou naje ak yon zanmi.
- Mwen asire ke gen yon granmoun ki la avè-m epi kap siveye mwen. Atansyon. Pinga ou mande yon timoun pou li responsab lòt timoun ki pi piti pase-l oswa zanmi-l.



### ÈSKE M KONNEN RÈG YO ?

- Mwen konnen epi mwen obeyi règ sou sekirite nan dlo.
- Mwen pataje epi mwen tann tou pa m. Mwen mache. Mwen pa janm pouse moun oswa vole sou lòt moun ki prè dlo.
- Mwen rete lwen fose drenaj pisin yo. Si cheve m long, mwen mare yo lè mwen nan pisin lan.

- Mwen pa janm plonje nan rivyè yo, lak yo oswa oseyan yo.
- Mwen plonje sèlman lè yon granmoun te tyeke pou asire dlo a gen yon pwofondè ki omwen 9 pye epi anba dlo a klè.
- Lè mwen kite zòn pisin lan, mwen asire baryè a fèmen.



### IJANS NAN DLO

- Si mwen gen yon kranp oswa mwen fatige, mwen woule epi mwen flote sou dlo pou m ka repoze. Aprèsa mwen voye men m anlè epi mwen rele pou m ka jwenn èd.
- Si mwen pran nan yon kouran dlo, mwen pa goumen avèk li. Mwen rilaks epi mwen naje nan menm direksyon ak rivaj la jiskaske kouran dlo a febli epi mwen ka naje al sou rivaj la yon lòt fason.
- Si bato mwen an kapote, mwen kenbe bò bato a epi mwen rele pou m ka jwenn èd.
- Si mwen frèt, mwen soti nan dlo a toutsuit epi mwen chofo kò m.
- Si yon moun nan pwoblèm, mwen di granmoun ki pi pre m nan. Mwen ka voye nenpòt bagay ki flote bay moun nan (tankou yon flotè oswa yon bag sovtaf). Men mwen pa janm kite moun nan rive ase pre m pou l kenbe m.



### DLO NAN KAY LA

- Mwen ede granmoun yo vide basen yo, bokit yo, ak patojwa yo aprè yo fin itilize yo.
- Mwen ede asire tèt twalèt yo desann epi fèmen; epi pòt pou rantrè nan twalèt yo ak sal lesiv yo fèmen.
- Mwen ede asire baryè ak pòt spa ak pisin yo fèmen epi pa gen jwèt ki rete nan zòn pisin lan.